



Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENTÈVANSYON DWI LAPOLIS ETA A PANDAN VAKANS 4 JIYÈ YO

Kanpay "Kondwi San Ou Pa Sou oswa Y ap Arete Ou" a kòmanse vandredi sa epi ap rive jiska dimanch

Manm patwouy yo pral mete pwen baraj pou verifye si tèt moun yo klè epi sible moun ki ap kondwi yon fason ensousyan epi ki distrè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Lapolis Eta New York ak ajans fòs lapolis lokal yo pral ogmante patwouy yo pou reprime moun ki ap kondwi anba enfliyans alkòl oswa dwòg yo ak lòt enfraksyon sikilasyon yo pandan vakans 4 jiyè yo, kòmanse nan samdi, vandredi 3 jiyè epi kontinye jiska dimanch 5 Jiyè. Manm Patwouy yo mete pwen baraj pou verifye si tèt moun yo klè, epi sible moun ki ap kondwi yon fason ensousyan epi agresif yo atravè eta a nan kad yon efò pou kenbe otowout New York yo an sekirite pandan youn nan vakans dete ki pi chaje pou vwayaj yo.

"Pandan wikenn kat jiyè a se yon moman pou selebre ak pase tan avèk fanmi ak zanmi yo, twò souvan zafè bwè mennen nan move desizyon lè li lè pou ale lakay. Pou asire sekirite sou wout nou yo, Lapolis Eta a ak otorite lapolis lokal yo pral reprime nenpòt moun k ap kondwi avèk kapasite afebli", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen rekòmande tout Nouyòkè yo pou aji ak responsablite ak fè aranjman pou jwenn yon fason san danje pou ale lakay - pa janm bwè epi kondwi."

Ane pase, Lapolis Eta a te bay prèske 13,410 tikè pou veyikil ak sikilasyon pandan wikenn 4 Jiyè a. Manm Patwouy yo te arete 249 moun pou DWI epi yo te mennen ankèt sou 187 aksidan, ki te lakòz de moun mouri.

Pandan peryòd ranfòsman sa a, chofè yo ka atann yo a yon seri baraj woutye ak pwen sekirite ak patwouy DWI. Fòs Lapolis yo pral chèche tou otomobilis ki ap itilize telefòn yo ansanm ak lòt aparèy elektwonik yo pandan yo dèyè volan. Chofè yo ta dwe sonje tou pou "mete yo sou kote" pou veyikil ijans ak risk ki kanpe yo sou bò wout la lè yo ap vwayaje sou otowout New York yo.

Komisè Lapolis Eta New York la, Keith M. Corlett te deklare, "Manm patwouy yo ap trè vizib wikenn sa epi y ap genyen zewo tolerans pou chofè ki gen kapasite afebli, dwoge epi ki ensousyan. Mesaj nou an senp: Si ou bwè epi kondwi, gen chans pou ou

fini nan prizon. Rete an sekirite, epi pa pran yon move desizyon ki koute lavi ou oswa lavi yon lòt moun".

Manm Patwouy yo pral itilize alafwa veyikil Lapolis Eta ki make yo ak veyikil Ranfòsman Sikilasyon ak Idantite Kache yo (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon an. Veyikil CITE yo pèmèt twoup yo idantifye pi fasilman otomobilis k ap itilize aparèy yo kenbe nan men yo pandan y ap kondwi yo. Machin sa yo melanje avèk machin ki nan lari chak jou yo men yo vin menm jan ak machin ijans yo yon fwa limyè ijans lan aktive.

Komisè DMV a ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC), Mark J. F. Schroeder, te deklare, "Kondwi ak kapasite afebli se youn nan bagay ki pi danjere yon otomobilis ka fè, espesyalman kounye a nan moman kritik sa pou sistèm swen sante nou an. Mwen rekòmande Nouyòkè yo pou fè sa ki kòrèk la—prepare yon plan pou rive lakay san danje".

Katriyèm inisyativ mwa jiyè a finanse an pati pa [Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a](#). GTSC a ak Fondasyon STOP-DWI Eta New York la ap raple otomobilis yo [aplikasyon mobil "Have a Plan"](#) lan disponib pou telefòn entèlijan Apple, Droid ak Windows. Aplikasyon an ap pèmèt moun New York yo lokalize epi rele yon sèvis taksi oswa sèvis pataj machin epi pwograme yon lis chofè yo chwazi. Li ap bay enfòmasyon tou sou lwa ak sanksyon DWI yo, epi bay yon fason pou moun rapòte yon chofè ke yo sispèk ap kondwi pandan li anba enfliyans alkòl.

Si ou ap kondwi anba enfliyans alkòl oswa dwòg, ou ap non sèlman mete lavi ou ak lavi lòt moun an danje, men yo ka arete ou tou, mete ou nan prizon, epi fè w peye gwo amann ak frè pou avoka. Arestasyon poutèt ou ap bwè alkòl epi kondwi an menm tan yo koute an mwayèn jiska 10,000 dola.

Chofè ke yo arete tou sou oswa dwoge yo ap fè fas a pèt lisans chofè yo, pi gwo tarif asirans yo, ak plizyè douzèn depans ke yo pa te prevwa pou frè pou avoka yo, amann ak depans pou tribinal yo, remokaj ak reparasyon machin yo, ak pèt tan nan travay yo.

Lapolis Eta New York la, GTSC ak NHTSA rekòmande konsèy senp sa yo pou evite kondwi nan kapasite afebli:

- Planifye yon fason pou retounen lakay ou an sekirite anvan ou kòmanse pran plezi w;
- Avan w bwè chwazi yon chofè ki p ap bwè pou kondwi;
- Si w nan yon kapasite afebli, itilize yon taksi, rele yon zanmi ki pa bwè oswa yon manm fanmi w, oswa pran transpò piblik;
- Itilize pwogram woulib nan men moun ki pa bwè alkòl ki genyen nan kominote w la;
- Si ou ta remake yon chofè ki sou oswa ki anba enfliyans alkòl sou wout la, pa ezite kontakte biwo lapolis lokal la;

- Si w konnen yon moun ki pral kondwi machin oswa moto pandan li nan yon kapasite afebli, pran kle li epi ede l fè lòt aranjman pou li rive kote li prale a an sekirite.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)